

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan ajén atikan dina novel *Burak Siluman* ieu téh mangrupa panalungtikan ngeunaan ajén nu nyampak dina novel sangkan luyu henteuna saupama dipaké bahan pangajaran aprésiasi sastra nu dina KTSP diajarkeun di kelas XI.

Sanggeus di analisis sarita diajarkeun ka Siswa kelas XI salaku sampel uji coba, kacangking sababaraha kacindekan saperti ieu dihandap

- a. Ajén nu kapaluruh dina novel *Burak Siluman* nya éta ajén atikan nu ngawengku ajén moral, ajén sosial, ajén agama. Ajén moral ngawengku moral kamasarakatan, moral patalina sareng budi parangi, patalina jeung sémah, moral dina gunem catur, moral dina barang pénta. Ajén sosial ngawengku sosial kamasarakatan, sosial kabiasaan, sosial kapercayaan, strata sosial. Ajén agama ngawengku ngagambarkeun kudu ikhtiar, ngagambarkeun Qodo jeung Qodar Alloh, ngagambarkeun kudu tawekal, Alloh Nu Maha Kawasa, Alloh Nu Maha Welas tur Maha Asih.
- b. Novel *Burak Siluman* ngagambarkeun ngeunaan sosial kamasarakatan nu masih percaya kana carita mistis. Dina ieu novel kurang leuwih aya 19 urang tokoh nu kacaritakeun. Latar nu kagambarkeun dina ieu novel diantara imah Ijem, Nagara Siluman, imah Mas Dira, Pakemitan, Leuweung Geledegan. Ieu novel ngagunakeun alur maju.

- c. Ieu novel *Burak Siluman* luyu diajarkeun pikeun siswa kelas XI, sabab sanggeus diajarkeun kurang leuwih 80% ngarti kana ajén atikan nu nyampak dina éta novel.

5.2 Saran

Sanggeus diayakeun panalungtikan ngeunaan ajén atikan novel *Burak Siluman*, panalungtik ngarasa masih loba kénéh kakurangan. Ku kituna panalungtik méré saran pikeun umum nu miboga karep pikeun nalungtik hal nu sarupa sangkan kahareupna mah heureutan hal nu bakal ditalungtik, contona husus ngabahas ngeunaan ajén atikan atawa ajén inajén séjén nu kagambarkeun dina palaku.